

Deklarasyon sou Enpak Ekite : Plan Inovasyon Lekòl Burke

Tit la : Evalyasyon ak Renouvèlman Inovasyon Lekòl Burke High School

Dat la : 8 jen, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? Wi Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit :

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònmman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun miltileng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Lekòl Burke High School ap fè yon petisyon pou l renouvle Plan Inovasyon aktyèl li a, e mentni menm 4 otonomi yo ke yo te akòde l ansanm avèk demann orijinèl li te fè oparavan an. Kat otonomi sa yo apiye apwòch sila a ki konsidere tout aspè lavi timoun yo, e li pèmèt nou fè pwogrè nan redikasyon mankman nan opòtinite ak akonplisman, malgre divès defi ke lekòl yo te travèse pandan e aprè pandemi COVID-19 la.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fleksibilite nan pwogram etid la apiye itilizasyon kontni relatif, plase nan kontèks yo, ki òganize selon divès standa nivo klas yo, ki pèmèt elèv yo gen plizyè opòtinite pou yo montre konpetans yo. Pwofesè yo angaje nan divès pilye Ansèyman ki Teni Kont Kilti elèv yo, e ki dwe montre divès strateji pou rann elèv yo kapab aprann ni pou kont yo ni an divès gwoupman divèsifye. • Otonomi nan orè lekòl la devlope divès peryòd ansèyman ki pi long dekwa pou pèmèt ase tan pou travay an gwoup kapab fèt ak pratik endepandan pou devlope konpetans kominikasyon ak rezònmman kritik elèv yo. Epitou, nou deziyen mwens seksyon kou bay pwofesè yo, dekwa pou yo kapab travay avèk mwens kantite elèv e pèmèt yo kapab fè ansèyman ki pi pèsonalize. Mentni otonomi sa a ap apiye tranzisyon nou nan egzijans standa MassCore yo pou elèv yo kapab diplome, e apiye yon modèl enklizyon varye selon bezwen elèv nou yo. • Otonomi parapò a anbochaj bay lekòl Burke libète pou l anboche manm pèsònèl ki reprezantatif popilasyon etidyan nou an, avèk volonte ak dispozisyon pou l angaje popilasyon etidyan an. Atravè rekritman bonè, nou anboche kandida sila yo ki pi solid nan fason nou afiche pòs yo ouvètmman e endike divès kalite presi nou dezire, ki ale odela sètifikasyon egzije yo. • Fleksibilite parapò a devlopman pwofesyonèl (PD) pèmèt nou enplemannte yon retrèt 2 jou chak ane, ki gen ladan l yon koudèy pwofon sou divès done, e idantifye divès domèn ki gen bezwen, e planifye sekans devlopman pwofesyonèl la pou ane a. Modèl edikasyonèl ak divès strateji pou amelyorasyon lekòl nou yo sèvi kòm bousòl kontni devlopman pwofesyonèl yo. <p>Ekip konsepsyon Plan Inovasyon nou an gen twa manm ekip lidèchip nou an ladan l, twa paran, ak twa manm pèsònèl. Ekip konsepsyon an gen ladan l manm nwa, latinx, kap vèdyen, ak blan ki reprezante popilasyon etidfyen nou an.</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>De (2) tèm sa yo nan Plan Inovasyon lekòl Burke la aliyen avèk divès angajman nan Plan Stratejik distri a.</p> <p><i>Anplifye tout vwa (tout dizon) :</i> Nou anvizaje angaje tout pati enterese lekòl Burke la nan zòn Grove Hall la e odela : fanmi, patnè, lidè kominotè, ak elèv.</p> <p><i>Anti Rasis ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite :</i> Plan Inovasyon Lekòl Burke la</p>

	<p>itilize kat otonomi sa yo pou imajine, konsevwa, e opere yon anviwònman aprantisaj ki va bouche twou nan mankman akademik ak nan opòtinite ke elèv ki fè pati popilasyon sila yo ki tradisyonèlman majinalize nan sosyete a (ki aleka sosyete a) sibi. Nou vize pou n pa sèlman ranfòse konpetans akademik elèv yo, men pou n koz amou yo pou edikasyon grandi nan yon lekòl ki founi bonjan kalite edikasyon ekitab, klas mondyal, siperyè. Itilizasyon divès otonomi ki nan Plan Inovasyon nou an va garanti fleksibilite ak kondisyon pou nou retire obstak ki kanpe devan ekite, e kontinye pakou nou pou n devni yon lekòl ki pwodui kreyativite, fleksibilite, ak enpati (ki se kapasite pou w antre pye w nan soulye lòt moun). Otonomi nou yo pèmèt nou angaje elèv yo nan divès eksperyans akademik, pakou pwofesyonèl, ak aktivite estrasokolè egzijan. Eksperyans sa yo amelyore devlopman konfyans elèv yo gen nan tèt yo ak idantite yo, e an patikilye, yo ede elèv ki pi jèn yo kòmanse reyalize lavni yo e reflechi sou karyè pwofesyonèl yo.</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Pandan uit ane ki sot pase yo, akonplisman elèv lekòl Burke yo t ap konstaman amelyore. Selon divès done pwofil Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la, nou arive ajoute 17 pwen santil kontrandi depi nou te soti nan estati redresman an. Kounye a nou klase 7yèm pami lekòl segondè Boston yo selon magazin U.S. News & World Report.</p> <p>Nou te analize done kontrandi yo pou idantifye divès tandans ak disparite (dekalaj) kle. Done lekòl Burke sou afè prezans pa montre ase dekalaj selon ras ; sepandan, ane pase, popilasyon elèv sila nou yo k ap aprann angle (EL) te sibi yon bès 11% nan prezans kotidyen yo an mwayèn, epi yo te gen to ki pi wo nan kesyon absans kwonik. Epitou, prezans elèv mal yo (gason yo) pi ba lontan pase pa elèv femèl yo (fi yo). An menm tan, elèv gason yo bay rannman ki pi ba nan afè avanse al nan pwochèn klas ak to gradyasyon (obtansyon diplòm). Lè nou gade achèyman kou plasman avanse nou yo ak to elèv nou yo ki enskri nan inivèsite, nou wè ke elèv mal nou yo (gason n yo) ak elèv latinx nou yo te bay pi bon rannman pase tout lòt sougwoup. Byenke rannman elèv Edikasyon Espesyal yo sou menm nivo avèk to jeneral lòt elèv yo, elèv sila nou yo k ap aprann angle (EL) te bay rannman ki pi ba pase tout lòt sougwoup nan prèske tout pwen done yo.</p>
<p>4. Angajman Pati Entereze yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Te gen yon gran nonb fanmi, elèv, manm pèsònèl, patnè, òganizatè kominotè, ak biznis ki te asiste Tab Won Ekite ki baze nan lekòl Burke la. Dyalòg kontinyèl ki fèt avèk manm pèsònèl yo enkli divès reyinyon avèk Ekip Konsiltatif Edikasyon Espesyal nou an ak Ekip Evlyayson Lang lan nan lekòl nou an.</p> <p>Divès fanmi ak patnè apiye renouvèlman otonomi nou yo, e yo wè koneksyon ki egziste ant otonomi yo ak kwasans nou alontèm. Pwofesè yo te dakò ke fleksibilite aktyèl nou genyen an arive pwodui divès gen akademik, epitou orè lekòl nou an – ki ofri planifikasyon kontni chak jou ak reyinyon ekip nan chak nivo klas chak semèn - pèmèt divès opòtinite entegre pou aprantisaj fèt. Elèv yo te ekspriye swa santiman pozitif oswa netralite konsènan enpak otonomi yo.</p>
<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Lekòl Burke High School lokalize nan katye "Circle of Promise" (« Sèk Pwomès ») Grove Hall la, ki se youn nan zòn Boston ki pi majinalize (ki pi aleka sosyete a). Lekòl la sèvi youn nan popilasyon etidyan ki pi divèsifye e ki gen plis bezwen nan Boston. Aktyèlman nou enskri prèske 400 elèv, anpil nan yo abite nan divès zòn ki gen pwovrete ak anpil krim. Elèv nou yo pwogrese paske lekòl Burke founi yo avèk divès opòtinite enpòtan pou yo aprann, konsèy konstan, ak anpil sipò sosyal/emosyonèl ki sot nan angajman nou pou n sèvi tout aspè lavi timoun yo ak tout aspè fanmi yo.</p> <p>N ap pral kontinye itilize otonomi n yo pou n deranje divès pratik rasis sistematik k ap fèt nan anbochaj, founi divès opòtinite pou aprantisaj adilt fèt, angaje nou nan divès</p>

	<p>dyalòg difisil pou anbrase yon pedagoji anti rasis nan tout lekòl la, epi asire ke divès strikti ak divès resous lekòl nou an reflekte angajman nou an favè ekite. Etandone gen divès dekalaj nan done prezans yo, n ap prete yon atansyon patikilye a bezwen popilasyon elèv sila nou yo k ap aprann angle (EL nou yo), epi chèche sipò nan men patnè kominotè nou yo ak Biwo Edikasyon Miltileng e Miltikiltirèl la (OMME). Divès sesyon Devlopman Pwofesyonèl (PD) presi va konsantre divès konpetans manm pèsònèl yo pou founi ansèyman bay elèv k ap aprann angle yo (EL yo), divès resous kominotè ap apiye angajman avèk fanmi yo, e ansanm, n ap deranje obstak sila yo ki bloke siksè elèv yo.</p> <p>Pratik anbochaj lekòl Burke la idantifye divès kandida ki gen dispozisyon ak volonte pou anbrase Pratik ki Soutni Kilti ak Lang kominote a (CLSP). Soukomite anbochaj nou an toujou enkli divès manm fanmi ak elèv ki reprezante done demografik lekòl nou an, epi l poze kandida yo kèk kesyon entans e ki mande anpil kouraj. Nou met aksan sou divès pwogram etid tradisyonèl egzijan, epi nou itilize divès opòtinite devlopman pwofesyonèl (PD) anplis pou antrene e rafrech konpetans manm pèsònèl CLSP yo.</p>
<p>6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Otonomi sa yo p ap enpakte bidjè operasyonèl nou. Sepandan, si divès desizyon k ap fèt konsènan divès modèl pwogram ak orè ap afekte strikti ki deja egziste yo ak divès gwoup elèv patikilye, n ap travay avèk biwo Planifikasyon ak Analiz la (« P and A »), Biwo Edikasyon Miltikiltirèl e Miltileng lan (OMME), ak Biwo Edikasyon Espesyal la pou chèche gidans ak sipò. Epiou n ap akòde divès opòtinite pou n sipleman devlopman manm pèsònèl yo.</p> <p>Ekip Lidèchip Ansèyman an (ILT) ak Ekip Lidèchip la ap dirije enplemantasyon Plan Inovasyon nou an, e apatenans toude ekip yo reprezante divès sikonpskripsyon kle nan lekòl nou an. Atravè divès Tab Won Ekite regilye, divès reyinyon Konsèy Paran ak Konsèy Lekòl Lokal, konferans divès patnè, ak asanble piblik nan meri a, ak divès konsiltasyon, n ap pral angaje avèk tout pati enterse yo e asire ke tout moun ki konpoze kominote lekòl nou an jwenn reprezantasyon, pandanke n ap revize pratik nou yo e tcheke done nou yo konstaman pou n gen enfòmasyon pou kòmantè kapab fèt.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>N ap pral suiv pwogrè nan fason n ap analize to prezans yo, retansyon, gradyasyon, patisipasyon nan kou plasman avanse, enskripsyon nan inivèsite, ak pèsistans, ak divès evlyasyon ki enkli egzamen MCAS yo, evalyasyon MAP la, ak egzamen SAT a.</p> <p>N ap kontinye rapòte done akonplisman yo bay pati enterese nou yo atravè Tab Won Ekite n yo, ak divès reyinyon fanmi ak divès bilten nouvèl. N ap pral revize otonomi nou yo regilyèman e enfòmè pati enterese nou yo sou divès enstans nou arive itilize pou n pran desizyon ki enpakte manm pèsònèl nou yo ak elèv nou yo.</p>